## ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

## ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ

**«Әдеп-икрамлылық – мәнаўият өзеги» атамасындағы Республикалық илимий-теориялық конференция**

# МАТЕРИАЛЛАРЫ

**«Одоб-аҳлоқ – маънавиятнинг ўзаги» мавзусидаги Республика илмий-назарий анжуман**

# МАТЕРИАЛЛАРИ

**Нөкис-2017**

«Әдеп-икрамлылық – мәнаўият өзеги» атамасындағы Республикалық илимий-теориялық конференция материаллары топламы. Нөкис. НМПИ баспаханасы 2017-ж.

«Әдеп-икрамлылық – мәнаўият өзеги» атамасындағы Республикалық илимий-теориялық конференция материалларына Республикамыздың жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынлары педагог-хызметкерлери, үлкен илимий хызметкер-излениўшилер, магистрантлар, студентлер ҳәм улыўма билим бериў мектеплери муғаллимлериниң илимий-изертлеў ҳәм тәлим-тәрбия мәселелерине арналған илимий баянатлары киргизилген.

Конференция материалларының мазмуны ҳәм онда көрсетилген дереклердиң дурыслығына авторлар жуўапкер.

**Редколлегия қурамы:**

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Қ.Оразымбетов | - Ректор, редколлегия баслығы |
| 2 | М.Жалелов | - Илимий ислер бойынша проректор, редколлегия баслығы орынбасары |

**Редколлегия ағзалары:**

| | | |
|---|---|---|
| 3 | Ж.Базарбаев | - Өзбекистан Республикасы Илимлер академиясының академиги, Миллий идея, руўхыйлық тийкарлары ҳәм ҳуқық тәлими кафедрасы профессоры, ф.и.д. |
| 4 | А.Ембергенов | - Миллий идея, руўхыйлық тийкарлары ҳәм ҳуқық тәлими кафедрасы баслығы, ф.и.к. |
| 5 | Т.Қудайбергенова | - Миллий идея, руўхыйлық тийкарлары ҳәм ҳуқық тәлими кафедрасы доценти, п.и.к. |
| 6 | А.Муратбаева | - ТашПМИ Нөкис филиалы «Гуманитар пәнлер» кафедрасы баслығы |
| 7 | З.Сейтова | - Миллий идея, руўхыйлық тийкарлары ҳәм ҳуқық тәлими кафедрасы доценти, ф.и.к. |
| 8 | А.Алламбергенов | - Миллий идея, руўхыйлық тийкарлары ҳәм ҳуқық тәлими кафедрасы үлкен оқытыўшысы, фил.и.к. |
| 9 | Г.Сапарова | - Миллий идея, руўхыйлық тийкарлары ҳәм ҳуқық тәлими кафедрасы үлкен оқытыўшысы |
| 10 | Ш.Танимов | - Миллий идея, руўхыйлық тийкарлары ҳәм ҳуқық тәлими кафедрасы ассистент оқытыўшысы |
| 11 | С.Ерназарова | - Миллий идея, руўхыйлық тийкарлары ҳәм ҳуқық тәлими кафедрасы ассистент оқытыўшысы |
| 12 | А.Абатов | - Миллий идея, руўхыйлық тийкарлары ҳәм ҳуқық тәлими кафедрасы ассистент оқытыўшысы |

## 2.СЕКЦИЯ
## И.КАРИМОВТЫҢ «ӘДЕП-ИКРАМЛЫЛЫҚ РУЎХЫЯТТЫҢ ӨЗЕГИ» АТЛЫ КОНЦЕПЦИЯСЫНЫҢ ТАРИЙХЫЙ ҲӘМ ИЛИМИЙ ӘҲМИЙЕТИ

**Г.Жанназарова** И.Каримовнинг Ўзбекистон иқтисодий сиёсатининг устувор йўналишлари концепциясининг аҳамияти....................................... **91**

**Г.Сапарова** Ислам Каримовтың диний қәдириятларды тиклеў концепциясы....................................................................................................... **92**

**А.Алламбергенов, З.Таңирбергенова** И.Каримов ҳуқықый демократиялық мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийет қурыўда ғалаба хабар қуралларының роли ҳаққында………………………………………………… **94**

**Г.Сапарова, М.Назарбаев** Ислом Каримовнинг мустақил Ўзбекистонни ривожлантиришнинг маънавий ахлоқий негизлари концепциясининг аҳамияти…………………...........................………….. **96**

**G.Saparova, К.Saitov** I.Karimov asarlarida milliy g`oya va axloqning yoshlar ta'rbiyasidagi ahamiyati.................................................................... **98**

**Н.Өтенов** И.Каримовнинг «Юксак маънавият - енгилмас куч» асарида маънавий ва моддий ҳаёт уйғунлиги.................................................................. **100**

**М.Пирниязова** Ислом Каримов асарларида ижтимоий-сиёсий соҳада демократик янгиланишларнинг ҳуқуқий асослари.................................... **102**

**М.Атамуратова** Ислом Каримов асарларида баркамол инсонни тарбиялаш ғоялари.......................................................................................... **104**

**С.Ерназарова, Г.Бекбергенова**, И.А.Каримов шығармаларында миллий руўхыйлық ҳәм миллий әдеп-икрамлылыққа байланыслы пикирлер....................................................................................................... **106**

**И.Жаксимов, Б.Бекмуратов, Д.Фармонов** Ислам Каримовтың пикирге қарсы пикир, идеяға қарсы идея концепциясы.............................. **108**

**Э.Кочкарова** И.А.Каримовтың «Тарийхый еслеўсиз келешек жоқ» шығармасы ҳәм академиялық лицейлерде тарийхты оқытыў мәселелери................................................................................................... **110**

**У.Атажанов** Ислом Каримов асарларида ахлоқ ва маънавият масалалари..................................................................................................... **112**

**Ш.Танимов** Ислам Каримов шығармаларында идеялық тәрбия мәселелери................................................................................................... **115**

## 3. СЕКЦИЯ
## ӘДЕП-ИКРАМЛЫЛЫҚ ҲӘМ РУЎХЫЯТ ӨЛШЕМЛЕРИНИҢ ӨЗ-АРА ТИККЕЛЕЙ БАЙЛАНЫСЫН ИЗЕРТЛЕЎ МӘСЕЛЕСИ

**А.Абдусамедов, Г.Сапарова** Миллий ўзликни англашда халқ қадриятлари ва диний маросимчиликнинг уйғунлиги.................................. **117**

**Г.Сапарова, Б.Қабулов** Имом Бухорий ҳадисларида одоб-ахлоқ тарбияси.......................................................................................................... **119**

**Ж.Утегенова** Диёнат, эътикод, инсоф-одоб-ахлоқ мезони......................... **121**

**А.Рейимбаев** Тәлим ҳәм тәрбия мәселелеринде ийман түсиниги ҳәм оның мәнис-мазмуны........................................................................ **123**

# И.А.КАРИМОВ ШЫҒАРМАЛАРЫНДА МИЛЛИЙ РУЎХЫЙЛЫҚ ҲӘМ МИЛЛИЙ ӘДЕП-ИКРАМЛЫҚҚА БАЙЛАНЫСЛЫ ПИКИРЛЕР

*Ерназарова С. - «Миллий идея, руўхыйлық тийкарлары ҳәм ҳуқық тәлими» кафедрасы ассистент оқытыўшысы*

*Бекбергенова Г. - Социаль-гуманитар пәнлерди оқытыў методикасы (руўхыйлық тийкарлары) 1-курс магистранты*

Мәмлекетимиз ғәрезсизликке ерискеннен кейинги ортаға тасланған ең актуал машқалалардың бири – мәнаўият болды. Ҳәзирде бул машқала жәмийетимиздиң дыққат орайында. Өйткени мәнаўий жарлылық ҳәр қандай жәмийетти кризиске алып келетуғынына гүман жоқ.

Жәмийеттеги ҳәрбир ерискен жеңислер ҳәм кемшиликлер инсанның руўхый камалатына барып тақалады. Руўхый кәмиллик болмаса жәмийеттиң материаллық жақтан да келешеги жарқын бола алмайды. Сонлықтан жәмийет келешегин тәмийинлеўде әдеп-икрамлық тәрбияны жақсылаў талап етиледи.

Себеби, «жәмийет раўажланыўындағы ҳәр қандай өзгерислер, жаңалықлар, әсиресе инсаният раўажланыўына түртки беретуғын процесслер өз-өзинен пайда болмайды. Буның ушын ең дәслеп тийисли шараятлар руўхый-ағартыўшылық орталық болыўы керек. Миллеттиң тәбиятында, қанында, нәсилинде жақсылыққа, ағартыўшылық, билимге умтылыў идеологиясы ҳәм нызамлығы болыўы лазым»[1]. И.А.Каримов өз сөзинде Абдулла Авлонийдиң «Тәрбия бизлер ушын я өмир – я өлим, я қутқарыў – я апат, я бахыт - я бахытсызлық» мәселеси ҳаққындағы пикирлерин айтады. Солай екен, миллий идеологияны санамызға сиңдириўши әмелий тәрбияны жолға қойыў жәмийетимизде саламат орталықты сақлаў менен барабар екенин аңлаўымыз зәрүр.

«Ўатаныны муҳаббат, инсанпарўарлық туйғылары халқымыздың қан-қанына сиңип кеткен әзелий қәсийет. Мине, усы инсаний пазыйлетлерди асырап, абайлаў ҳәм жәнеде жетилистириў, перзентлеримизди азат ҳәм демократиялық Өзбекистанның мүнәсип ул-қызлары етип тәрбиялаў мәнаўият тараўындағы тийкарғы бағдар болыўы керек»[2].

Республикамыз Биринши Президенти И.А. Каримов – «ҳәр қандай адам, миллет, халық өз тарийхын билиўди қәлейди, сонлықтан алымларымыз халықтың өтмиши, өзлиги, мәнаўияты ҳәм мәденияты ҳаққында илимий концепция жаратыўы зәрүр»[3] – деб айтады. «Биз халықты аты менен емес, мәденияты, мәнаўият арқалы билемиз, тарийхына нәзер саламыз».[4] Буннан көринип тур өтмиш ата-бабаларымыз жаратқан руўхый-әдеп-икрамлық мийрасты терең үйрениў ҳәм жас әўлад тәрбиясында олардан кең пайдаланыў.

---

[1] Каримов И.А. “Жамият мафкураси халқни-халқ, миллатни миллат қилишга хизмат қилсин”. Тошкент. “Ўзбекистон”, 1998 й.

[2] Каримов И.А. “Ватан саждогаҳ каби муҳаддасдир”. Тошкент. “Ўзбекистон”, 1996. 23-б

[3] Каримов И.А. “Тарихий хотирасиз келажак йўқ”. Тошкент. “Ўзбекистон”, 1998 й.

[4] Каримов И.А. “Тарихий хотирасиз келажак йўқ”. Тошкент. “Ўзбекистон”, 1998 й.

И.А.Каримов «халықты руўхый жоқары, инсанды әдеп-икрамлық ҳәм руўхый жақтан жоқарылатыў» мәселесин ең әҳмийетли ўазыйпалардан екенлигин айырықша атап өтти.[5]

Ғәрезсизлигимизден кейин екинши жылы И.А.Каримовтың «Өзбекистанныӻ өз ғәрезсиз ҳәм раўажланыў жолы» мийнетинде бир бап «Өзбекистанды раўажландырыўдың руўхый әдеп-икрамлық негизлери» деп аталады ҳәм онда биринши мәрте халық мәнаўияты ҳәм әдеп-икрамлғының өз-ара байланысы ҳаққында айтылып, оларды раўажландырыў мәселелери анық көрсетип берилген.[6]

И.А.Каримов мудамы экономика, сиясат, мәнаўият ҳәм әдеп-икрамлықтың уйғын раўажланыў зәрүрлигин айтады: «Мәмлекет қурылысы, экономикалық раўажланыў процесслери, мәнаўий камалат, жоқары әдеп-икрамлық пенен уйғын болыўы керек».[7] Себеби, ғәрезсизликте үш таяныш – ғәрезсиз миллий сиясат, экономикалық күш-құдирети ҳәм халық мәнаўияты бир-бири менен тығыз байланыслы. Егер сиясий жақтан ғәрезсиз болмаса, миллет әсте-ақырын өзлигин жойтады. Экономикалық жақтан ғәрезсиз болмаса, сиясий ғәрезсизлик морт болады. Руўхый ғәрезсиз болмаса, миллеттиң өзи болмайды. Тек ғана олардың өз-ара уйғынлығы тәминленсе ғана, Өзбекистан уллы журт сыпатында дүньяда өз мүнәсип орнына ийе болады.

«Жоқариъ мәнаўият - жеңилмес күш» мийнетинде болса: «Руўхыйлық инсанның қан-қанына сүйек-сүйегине жыллар даўамында ана сүти, шаңарақ тәрбиясы, ата-бабалардың нәсияты, ўатан туйғысы, бул турмыстың базыда ашшы, базыда қуўанышлы сабақлары менен қатлам-қатлам болып сиңип барады. Әсиресе, тәбиятында адамларға жақынлық, бәрқулла жақсылықты ойлап жасаў, ҳадал мийнет етиў, дүньяның теңсиз инам ҳәм гөззаллықларынан заўық алыў руўхыйлыққа азық береди оны және де күшейттиреди[8]» деп атап өтеди.

Өзбекистанда халықтың руўхый әдеп-икрамлық мийрасының жәмийеттеги орны мәселесине жаңаша қараў жәмийеттиң раўажланыўы ушын жүдә үлкен әҳмийетке ийе екенлиги мәлим болмақта. Әййемги дәўирлерден ҳәзирги күнге дейин жаратылып, әўладлардың жақсы ислерине хызмет етип келген бай әдеп-икрамлық, сиясий, ҳуқықый мийрасларымызды, миллий қәдириятларымыз, үрп-әдетлеримизди үйренип, халыққа жеткерип бериў, келешектеги әҳмийетли ўазыйпалардан бири болып, уллы алымларымыздың әдеп-икрамлық, тәлим-тәрбия мәселелерине байланыслы мийнетлери, дана ҳәм ибратлы сөзлери, ақыл-нәсиятлары жас әўладты бәркамал инсанлар етип тәрбиялаўда үлкен әҳмийетке ийе.

## Пайдаланған әдебиятлар

1. Каримов И.А. "Жамият мафкураси халқни-халқ, миллатни миллат қилишга хизмат қилсин". Тошкент. "Ўзбекистон", 1998 й.

2. Каримов И.А. "Ватан саждогаҳ каби муҳаддасдир". Тошкент. "Ўзбекистон", 1996. 23-б

---

[5] И.Каримов. Истиқлол ва маънавият. Т.-«Ўзбекистон»-1994, с. 65

[6] И. Каримов. Асарлар. 1-жилд, с. 76-85

[7] Ислом Каримов.Асарлар. 3-жилд, с. 354

[8] Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. Т. «Маънавият».2008

3. Каримов И.А. “Тарихий хотирасиз келажак йўқ”. Тошкент. “Ўзбекистон”, 1998 й.
4. Каримов И.А. Истиқлол ва маънавият. Т.-«Ўзбекистон»-1994, с. 65
5. Каримов И.А. Асарлар. 1-жилд, с. 76-85
6. Каримов И.А.Асарлар. 3-жилд, с. 354
7. Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. Т. «Маънавият».2008